

Travayè Etranje ak Nimewo Sekirite Sosyal

Èske ou ap travay nan Etazini pou yon bout tan? Si ou ap travay pou yon bout tan, patwon ou la pral mande ou nimewo Sekirite Sosyal ou. Yo sèvi ak nimewo Sekirite Sosyal yo pou repòte ba gouvènman an lajan ou touche. Yo ka bay etranje ki ap travay nan Etazini Nimewo Sekirite Sosyal.

Kisa mwen dwe fè pou mwen travay nan Etazini?

Ou dwe pran yon dokiman nan **Depatman Sekirite nan Peyi a [Department of Homeland Security (DHS)]** [ki te rele anvan Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon Etazini (U.S. Immigration and Naturalization Service)] ki montre kondisyon imigrasyon ou genyen ak si ou kalifye pou travay pandan ou nan Etazini.

Ou dwe aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal ak yon kat ki soti nan **Administrasyon Sekirite Sosyal la (Social Security Administration)**. Jeneralman wap bezwen omwen de dokiman ki pwouve ansanm:

- Laj ou;
- Idantite ou;
- Kondisyon Imigrasyon ou (Dokiman DHS); ak
- Kalifikasyon ou pou travay (dokiman DHS).

Remake: Dèfw nou sèvi ak yon dokiman pou de bagay. Pa egzanp, paspò ou ka sèvi kòm prèv laj ou ak idantite ou, oswa dokiman DHS ou yo ka sèvi kòm prèv idantite ou ak kondisyon legal imigrasyon ou. Men, ou dwe genyen omwen de dokiman separe.

Kouman pou mwen aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal?

Li gratis pou ou aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal. Lè ou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal, nan yon biwo Sekirite Sosyal, ou dwe ranpli Fòm SS-5, ki rele Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal (*Application for a Social Security Card*), epi bay dokiman ki nesèsè yo. Tout dokiman yo dwe orijinal oswa kopi ke ajans ki bay dokiman an sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi ki notarye. Men kèk egzanp dokiman ou dwe pote:

Laj: jeneralman akdenesans se pi bon dokiman ki pwouve laj. Ou dwe pote li si ou genyen li oswa si ou ka jwenn li fasil. Si ou pa kapab, ou ka sèvi ak lòt dokiman tankou paspò ou oswa yon dokiman DHS bay pou pwouve laj ou.

Idantite: Nou dwe wè yon lòt dokiman apade akdenesans ou a ki montre non ou vle ki pou parèt sou kat Sekirite Sosyal ou a. Nou ta pito ou montre yon dokiman ki pa fèt twò lontan ki gen foto sou li, tankou yon dokiman DHS bay.

Kondisyon Imigrasyon: Nou bezwen wè dokiman DHS I-94 Dosye Arive/Depa (DHS document I-94, *Arrival/Departure Record*), ke yo ba ou lè ou te antre nan Etazini ki montre ke kondisyon imigran ou legal.

Kalifikasyon pou travay: Pou travayè etranje yo, nou bezwen wè I-94 Dosye Arive/Depa ou la (I-94, *Arrival/Departure Record*). Epi, si ou se yon vizitè anechanj (exchange visitor), ou dwe bay IAP-66, oswa DS-2019, Sètifika ou Kalifye pou Kondisyon Vizitè Anechanj DS-2019, [*Certificate of Eligibility for Exchange Visitor (J-1) Status*]. (Si ou nan Etazini kòm elèv ki ap etidye oswa kòm yon vizitè entènasyonal, ou pral bezwen gen lèt orijinal moun kap sipòte ou la ki make ke ou gen pèmisyon pou travay).

Konbyen tan li pral pran pou mwen gen yon nimewo Sekirite Sosyal?

Nou dwe verifye dokiman ou ak DHS anvan nou ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal. Nou pral ba ou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal nan de jou apre nou resevwa verifikasyon nan men DHS. Anpil fwa, ou ka verifye dokiman ou yo rapid ak DHS sou entènèt DHS. Si ou paka verifye dokiman ou sou entènèt, li ka pran DHS plizyè semenn oswa mwa pou reponn demann ou a. Nap travay di ak DHS pou redwi reta sa yo.

Èske mwen bezwen gen nimewo mwen an anvan mwen kòmanse travay?

Nou pa oblije ou pou genyen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan ou kòmanse travay, men Biwo Taks la ki rele, **Internal Revenue Service** oblije patwon yo pou yo repòte salè yo ak nimewo Sekirite Sosyal la. Pandan wap tann ou resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou a, patwon ou la ka sèvi ak yon lèt nou, ki di ke ou aplike pou yon nimewo.